



Yon dèlko se gen dwa meyè zanmi-ou pandan yon siklòn oswa yon blakawout ki dire lontan. Men lè ou pa sèvi ak yon dèlko kòm sadwa, sa gen dwa lakòz lanmò - li kapab lakòz dife, elektrokisyon oswa anpwazonman ak monoksid kabòn. Swiv konsèy sila-yo pou ou kapab si dèlko ou-a pa mete w' nan pèlen:

- Mete dèlko ou-a deyè kay-la, mete l' yon kote anivo, ki sèch, epi ki ayere, lwen pòt, fenèt ak sistèm vantilasyon kay-ou — de preferans anba yon baldaken oswa yon remiz ki alè. Pa janm itilize-li andedan, yon kote ki fenmen, nan yon sousòl oswa yon garaj ki kominike ak kay-la.

- Pou konekte aparèy ou-yo ak dèlko-a, sèvi ak kòd estansyon ki solid, ki gen twa tèt, epi ki kapab sèvi andeyò kay. Pa janm konekte yon dèlko pòtatif nan sistèm elektrisite kay-la – sa yo rele “backfeeding.” Bagay sa-a gen dwa lakòz ou elektrokite yon vwazen oswa yon moun k’ap travay sou sistèm-nan a plizyè kilomèt.

- Si ou enstale yon dèlko pèmanan, fè yon elektrisyen ki lisansye enstale-li lakay-ou grasa yon switch transfè.
- Monoksid kabonn se yon bagay ki toksik anpil, men li pa gen odè. Menm si ou pa kapab pran odè lafimen-an, si ou kòmanse santi yon malèz, ou santi ou fèb oswa ou gen tèt vire pandan dèlko-a ap mache, sòti pran lèt touswit. Enstale yon alam monoksid kabòn ki mache ak pil nan kay-ou.
- Pa stoke gazolin andedan kay-lan, kote ki fenmen, oswa nan yon garaj oswa sousòl ki gen aparèy ki boule gaz. Vapè gaz-yo gen dwa anflame poutèt yon veyez oswa switch elektrik.
- Adisyone kantite “watts” aparèy ak limyè ou bezwen konekte sou dèlko-a mande. Total-la dwe mwens pase maksimòm yo di dèlko-a kapab pran. Si ou mete plis, dèlko-a oswa youn nan aparèy-yo gen dwa andomaje.
- Anvan ou remete gaz, etenn tout aparèy-yo, epi apre sa etenn dèlko-a pou kite l’ frèt. Si gazolin tonbe sou yon motè ki cho, li gen dwa pran dife. Toujou genyen yon estenktè dife toupre-ou.
- Pa manyen dèlko-a ak men ki mouye.



Florida
 Department of Financial Services
 Alex Sink
 Ofisye Finansye Anchèf Laflorid

1-800-342-2762
www.fldfs.com